

FAQ (Kesyon Moun Poze Souvan)

Tribinal entans lan se pa yon tribinal apa, men yon sesyon espesyal Tribinal Distri, Tribinal Minisipal Boston oswa Tribinal Lojman. Li la pou bay yon pwosedi ochwa ki senp, enfòmèl epi ki pa chè pou rezoud pi piti plent yo (\$7,000 dola oswa mwens). Nou bay enfòmasyon ki anba la a pou ede moun ki vle regle zafè yo nan tribinal ti konfli nan nenpòt tribinal ki endike anwo a.

I. Règleman, Règ ak Prensip Tribinal ti Konfli yo

Pwosedi pou prezante yon aksyon pou ti reklamasyon endike nan Lwa Jeneral Massachusetts, epi ou kapab jwenn yo nan G.L. c. 218, §§ 21-25. Prensip pou ti reklamasyon yo reprezante pratik ki rekòmande pou pwosedi ti reklamasyon yo. Prensip sa yo se rekòmandasyon ki la pou aplike règleman ti reklamasyon yo.

II. Kesyon Moun Poze Souvan:

- Kijan pou mwen fè aksyon pou yon ti reklamasyon?
- Ki kote pou mwen fè yon ti reklamasyon?
- Ki reklamasyon mwen kapab fè sou fòm ti reklamasyon?
- Èske mwen ka fè yon ti reklamasyon ki baze sou neglijan yon anplwaye leta?
- Èske gen yon limit sou lè mwen dwe fè ti reklamasyon mwen?
- Èske m ap kapab jwenn lajan nan men akize a?
- Ki frè pou mwen peye pou fè yon ti reklamasyon?
- Ki enfòmasyon mwen dwe mete nan reklamasyon mwen?
- Ki "frè" pou mwen peye?
- Èske gen egzijans espesyal si reklamasyon te fèt nan biznis mwen?
- Kijan yo fè akize a konnen reklamasyon sa a?

- Èske y ap vanse avèk plent mwen an si akize a pa t resevwa avi?
- Èske avoka nesèsè nan tribinal ti konfli?
- Èske akize a gen obligasyon pou bay yon repons?
- Kisa pou mwen fè si akize a dakò li dwe tout lajan an?
- Kisa pou mwen fè si akize a dakò li dwe lajan an, men li bezwen tan pou peye?
- Kisa pou mwen fè si akize a kwè li pa dwe anyen, oswa sèlman li dwe kèk nan lajan mwen reklame a?
- Kisa pou mwen fè si akize a kwè moun ki pote plent lan dwe li lajan?
- Kilè ak ki kote moun ki fè plent lan ak akize a gen pou ale nan tribinal?
- Èske medyasyon disponib pou ti reklamasyon?
- Kisa pou mwen fè si mwen pa kapab vini nan tribinal nan jou pwosè a?
- Kisa pou mwen fè si mwen pa vini nan tribinal nan jou pwosè a?
- Kijan mwen ta dwe prepare pou pwosè a?
- Kisa k ap pase nan jou pwosè a?
- Kisa pou mwen fè si moun yo vle yon ajounman?
- Kisa majistra a ap fè?
- Mwen te pèdi pwosè mwen devan majistra a. Kisa pou mwen fè?
- Mwen te genyen pwosè mwen devan majistra a. Kisa pou mwen fè?
- Èske mwen dwe prezante nan odyans pou revizyon peman an?
- Èske nenpòt revni egzonere nan yon lòd pou peman?
- Si mwen genyen pwosè mwen, èske mwen dwe fè tribinal la konnen lè mwen touche lajan an?

III. Fòm yo

Si ou chwazi pou fè yon aksyon pou ti reklamasyon, oswa si ou se yon akize nan yon aksyon pou ti reklamasyon, Tribinal Premye Enstans lan gen fòm k ap itil pou prezante pwoblèm apwopriye nan atansyon tribinal la. Tout fòm pou ti reklamasyon yo disponib nan biwo grefye nenpòt distri, tribinal minisipal Boston, oswa tribinal lojman. Answit, ou kapab transfere nan òdinatè ou tout fòm yo itilize nan aksyon pou ti reklamasyon yo, sof “Deklarasyon Reklamasyon ak Avi pou Pwosè.” Ou kapab jwenn eksplikasyon sou fason pou ranpli yon fòm “Deklarasyon Ti Reklamasyon ak Avi pou Pwosè” la a mass.gov/courts.

Deklarasyon Ti Reklamasyon ak Avi pou Pwosè

Verifikasyon Adrès Akize

Repons pou Ti Reklamasyon

Kont-Demann sou Ti Reklamasyon

Mosyon Lòd Jeneral

Verifikasyon Adrès Akize

Etadkont Finansye Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman

Konparisyon Avoka (Angle sèlman)

Konparisyon Avoka (nan lang Angle sèlman)

Akò pou Jijman ak pou Lòd pou Peman

Lis Egzonerasyon

Akò pou Lòd (avèk egzonerasyon yo)

Etadkont Finansye Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman

Demann Apèl Akize

Rekonesans Satisfaksyon Jijman

Rekonesans Satisfaksyon Jijman sou Kont-Demann

IV. Repons pou Kesyon Moun Poze Souvan yo:

1. Kijan pou mwen fè aksyon pou yon ti reklamasyon?

Lè ou ranpli yon fòm tribinal ki rele “Deklarasyon Reklamasyon ak Avi pou Pwosè”, ak lè yon ou peye yon frè anrejistremant. Fòm nan disponib nan biwo grefye nenpòt distri, tribinal minisipal Boston, oswa tribinal lojman. Ou kapab jwenn eksplikasyon sou fason pou ranpli yon fòm “Deklarasyon Ti Reklamasyon ak Avi pou Pwosè” pa dèyè fòm nan menm. Pou jwenn yon lis adrès tribinal sa yo selon konte, ale sou Entènèt nan sitwèb

<http://www.mass.gov/courts/courtsandjudges/courts/courtscounty.html>. Moun oswa biznis ki fè reklamasyon an rele "pleyan." Moun oswa biznis ou rele lajistis la rele “akize” a.

2. Ki kote pou mwen fè yon ti reklamasyon?

Ou ka fè yon ti reklamasyon sèlman nan tribinal pou zòn kote pleyan an oswa akize a ap viv, oswa kote li gen biznis oswa kote l ap travay. Ou ka fè yon ti reklamasyon kont yon mèt kay ki fèt nan lokasyon yon apatman tou kote apatman an ye a. Ou ka remake li pi fasil pou egzekite yon desizyon anfavè ou si ou fè ti reklamasyon ou kote akize a ap viv la, oswa kote l ap travay, men ou pa gen obligasyon pou fè sa.

3. Ki reklamasyon mwen kapab fè sou fòm ti reklamasyon?

Sof si plent ou baze sou domaj nan pwopriyete ki fèt nan yon aksidan machin, li pa kapab depase \$7,000.00. Men, reklamasyon an ka depannde domaj-entè obligatwa oswa frè avoka ki depase \$7,000.00 (pa egzanp, plent pou pwoteksyon konsomatè oswa sèten plent kont mèt kay/lokatè). Nan plent sa yo, kantite lajan debaz la pa ka depase \$7,000.00 menmsi domaj-entè posib la ka depase kantite lajan sa a.

4. Èske mwen ka fè yon ti reklamasyon ki baze sou neglijan yon anplwaye leta?

Anjeneral non. Pifò reklamasyon pou jwenn domaj-entè an lajan kach kont Eta Massachusetts, kont yon ajans eta a, oswa kont yon otorite eta a, oswa kont yon vil, oswa kont yon ti vil ki baze sou neglijan oswa move zak entansyonèl yon ofisyèl, oswa anplwaye leta, dwe fèt dapre Lwa Massachusetts sou Reklamasyon nan Responsablite, chapit 258 Lwa Jeneral Massachusetts. Reklamasyon anba Lwa Massachusetts sou Reklamasyon nan Responsablite dwe fèt nan Tribinal Siperyè, epi ou pa kapab fè reklamasyon sa yo sou fòm ti reklamasyon.

Ou ka fè sou fòm ti reklamasyon yon reklamasyon ki baze sou yon kontra gouvènman, yon reklamasyon kont yon otorite lojman, oswa yon reklamasyon ki otorize dapre kèk lòt règleman tankou "Lwa sou move kalite wout," chapit 84, Lwa Jeneral Massachusetts, seksyon 15 pou wout minisipal yo, oswa chapit 81, seksyon 18 pou wout eta a.

5. Èske gen yon limit sou lè mwen dwe fè ti reklamasyon mwen?

Wi. Limit tan an (ki rele “règleman limit”) pa menm avèk kalite reklamasyon an, epitou li aplike alafwa pou ti reklamasyon yo ak pou pwosè sivil regilye yo. Anjeneral, yon reklamasyon ki baze sou yon kontra oswa yon lwa pou pwoteksyon konsomatè dwe fèt anvan 6 ane, epi yon reklamasyon akòz neglijan oswa move zak entansyonèl dwe fèt anvan 3 ane, men gen kèk eksepsyon. Al gade chapit 260 Lwa Jeneral Massachusetts, oswa yon bibliyotèk piblik oswa legal pou jwenn plis enfòmasyon.

6. Èske m ap kapab jwenn lajan nan men akize a?

Si ou genyen, akize a ap resevwa lòd pou peye jijman an si li gen lajan pou fè sa. Si akize kapab peye, epi si li pa fè sa, yo ka konsidere li manke tribinal la dega, epi yo ka mete li nan prizon, oswa yo ka fè li peye lòt frè. Sonje kèk sous revni ak yon pòsyon nan nenpòt salè ap egzonere nan yon lòd pou peman.

7. Ki frè pou mwen peye pou fè yon ti reklamasyon?

Frè pou peye pou ti reklamasyon ki \$500 ak mwens pase sa se \$40. Frè pou peye pou reklamasyon ki ant \$501 a \$2000 se \$50. Frè pou peye pou reklamasyon ki ant \$2001 ak \$5000 se \$100. Frè pou peye pou reklamasyon ki ant \$5001 ak \$7000 se \$150. Frè pou peye pou reklamasyon domaj nan pwopriyete ki plis pase \$7000 nan yon aksidan machin se \$150.

8. Ki enfòmasyon mwen dwe mete nan reklamasyon mwen?

Ranpli fòm “Deklarasyon Ti Reklamasyon”. Mete kantite lajan ou reklame pou lajistis fè ou jwenn nan, epitou bay yon ti eksplikasyon sou reklamasyon ou. Endike reklamasyon an yon fason ki senp, men tou yon fason ki aklè pou akize a kapab konprann pou kisa ou rele li nan lajistis. Ou dwe endike nenpòt kantite lajan espesifik w ap chèche jwenn pou domaj-enterè, pou plizyè domaj oswa pou sanksyon dapre lalwa, pou frè avoka, oswa pou depans, epitou endike kantite lajan total w ap chèche jwenn, sof nenpòt enterè anvan jijman w ap chèche nan tribinal la dapre règleman an.

Li enpòtan pou ou gen non ak adrès kòrèk akize a. Si ou rele yon biznis nan lajistis, epi biznis lan se pa yon sosyete, ou ta dwe endike kòm akize pwopriyete (yo) ki fè biznis lan (“d/b/a”) anba non komèsyal la. Ou ka jwenn non yo nan men Grefye Vil oswa Ti Vil kote biznis lan ye a. Si ou rele yon biznis nan lajistis, epi biznis lan se yon sosyete, ou dwe gen non egal egzat li. Ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo nan Biwo Divizyon Dosye Sosyete Sekretè Eta a, One Ashburton Place, Sal 1712, Boston, MA 02108 (oswa nan sitwèb <http://corp.sec.state.ma.us/corp/corpsearch/corpsearchinput.asp>).

Nan pòsyon “DEKLARASYON MILITÈ SOU SÈMAN”, ou dwe endike si akize a se yon militè ki nan sèvis aktif oswa si li pa yon militè ki nan sèvis aktif. Si ou konnen nimewo sekirite sosyal akize a, ou ka detèmine si li se yon militè ki nan sèvis aktif nan entènèt sou sitwèb <https://www.dmdc.osd.mil/appj/scra/scraHome.do>; si non, ou dwe voye yon lèt nan katye jeneral fòs lame apwopriye a (ki endike nan www.defenselink.mil/faq/pis/PC09SLDR.html). Si ou pa kapab detèmine si akize a se yon militè ki nan sèvis aktif, epi si akize a pa vini nan tribinal la, tribinal la ka egzije ou pou depoze yon kosyon, oswa li ka ba ou lòt lòd pou pwoteje dwa akize a si akize a se yon militè ki nan sèvis aktif.

8. Ki "frè" pou mwen peye?

Si pleyan an genyen pwosè a, oswa si toulède moun yo rezoud reklamasyon an, pleyan an kapab touche lajan an nan men akize a kòm “frè” pou frè pou fè reklamasyon an nan tribinal la. Sou lòd tribinal la, pleyan an ka pafwa touche sèten lòt frè poutèt li fè reklamasyon an.

9. Èske gen egzijans espesyal si reklamasyon te fèt nan biznis mwen?

Wi. Si te fè reklamasyon ou anrapò avèk metye ou oswa komès ou, oswa si ou fè yon reklamasyon pou dèt ki gen rapò avèk metye ou oswa komès ou, ou dwe ajoute sa ki anba la a tou nan fòm “Deklarasyon Ti Reklamasyon” ou: (1) non kreyansye orijinal la (si non an diferan ak non ou), (2) sèlman kat (4) dènye chif nenpòt nimewo kont kreyansye orijinal la afekte pou ou, epi (3)

kantite lajan an ak dat dènnye peman an, si genyen. Si ou pa fè sa, epi si akize a pa vini nan tribinal la, ou ka pa anmezi pou jwenn yon jijman-pa kontimas anfavè ou, epi tribinal la ap anile reklamasyon ou, menmsi ou ka refè reklamasyon an.

Ou dwe ranpli yon fòm “Verifikasyon Adrès Akize” apa avèk reklamasyon ou, pou konfime ou te verifye adrès postal akize a nan manyè ki endike nan fòm nan. Si ou pa fè sa, epi si akize a pa vini nan tribinal la, ou ka pa anmezi pou jwenn yon jijman pou non-peman anfavè ou, epi tribinal la ap anile reklamasyon ou. Men tou, ou ka refè reklamasyon an.

“Trade” (metye) ak “commerce” (komès) gen menm siyifikasyon menm jan nan Lwa sou Pwoteksyon Konsomatè, Lwa Jeneral Massachusetts c. 93A, § 1. Yo gen ladan pifò relasyon komèsyal ant achtè ak founisè sèvis yo, epitou konsomatè ki nan yon kontèks biznis, men yo pa gen ladan tranzaksyon komèsyal prive izole. Yo pa gen ladan afèmaj oswa lokasyon kay pou moun abite ki twa (3) inite oswa mwens, epi ki pou ou. Yo pa gen ladan nonplis afèmaj oswa lokasyon kay pou moun abite ki se kay kote ou abite tou, sof si ou posede lòt kay pou moun abite, w ap jere li, oswa ou patisipe tou nan afèmaj oswa lokasyon li.

10. Kijan yo fè akize a konnen reklamasyon an?

Nou voye yon kopi “Deklarasyon Reklamasyon ak Avi pou Pwosè” ba akize a nan kourye premye klas. Si akize a p ap viv nan eta a, n ap fè li konnen sa nan kourye sètifye. Se tribinal la k ap bay toulède kalite avi yo, apre fòm “Deklarasyon Reklamasyon ak Avi pou Pwosè” fin ranpli.

11. Èske y ap vanse avèk plent mwen an si akize a pa t resevwa avi?

Si Biwo Lapòs pa kapab notifiye (“remèt”) akize a kourye a, epi lèt la retounen nan tribinal la, yo pa kapab vanse avèk plent ou. Si lèt la pa retounen, men pita nou vin konnen lapòs pa t janm remèt lèt la ba akize a, oswa nou remake lapòs te pote lèt la nan adrès ki pa kòrèk, tribinal la ka anile nenpòt jijman ou te resevwa. Pou rezon sa a, li trè enpòtan pou ou asire adrès postal ou te bay pou akize a sou fòm “Deklarasyon Reklamasyon ak Avi Pwosè” se yon adrès postal ki kòrèk.

12. Èske avoka nesèsè nan tribinal ti konfli?

Non, men ou ka anboche youn si ou vle. **[Nòt pou ekip la: mete enfòmasyon sou sèvis rekòmandasyon legal, resous bibliyotèk legal pou srls, ak Repezantasyon Tèt Ou?]**

13. Èske akize a gen obligasyon pou bay yon repons?

Akize a ka ranpli yon fòm repons, oswa li ka voye yon lèt ki siyen ba tribinal la, pou fè konnen pou kisa pleyan an pa ta dwe genyen pwosè a nan yon manyè ki klè ak senp. “Repons” lan ta dwe endike pati espesifik reklamasyon li refize yo. Men, akize a pa gen obligasyon pou bay yon repons. Akize a dwe voye yon kopi repons lan ba pleyan an, si li bay yon repons.

Nan repons lan, oswa nan yon fòm kont-reklamasyon apa oswa nan yon lèt pou voye ba tribinal la, akize a ka endike alekri nenpòt reklamasyon li fè kont pleyan an nan jiridiksyon tribinal ti konfli. (Sa rele yon kont-reklamasyon.) Tribinal la ap travay sou toulède reklamasyon yo kòm yon plent, si akize a voye yon kopi reklamasyon li pa lapòs ba pleyan nan omwen dis (10) jou anvan dat ki pwograme pou pwosè a, oswa si majistra a egzije pou tribinal la travay sou reklamasyon yo konsa. Kont-reklamasyon sa yo pa obligatwa. Pleyan an pa bezwen

bay yon repons alekri pou kont-reklamasyon akize a.

14. Kisa pou mwen fè si akize a dakò li dwe tout lajan an?

Li ta dwe kontakte pleyan an pou fè aranjman pou peye lajan an. Akize a pa gen obligasyon pou fè nenpòt peman nan yon revni ki egzonere (gade anba la a). Si tout peman an pa fèt anvan dat pwosè a, pleyan an ak akize a dwe vini nan tribinal la nan dat pwosè a, sof si yo soumèt fòm “Akò pou Jijman ak pou Lòd Peman” ba tribinal la anvan pwosè a, epi toulède moun yo siyen fòm nan. Tribinal la ap aksepte yon akò ant moun yo sèlman si yo soumèt akò a sou fòm ofisyèl “Akò pou Jijman ak pou Lòd Peman”. Si pleyan an ak akize a jwenn yon akò sèlman nan dat pwosè a, lè sa a yo ta dwe soumèt ba tribinal la yon fòm “Akò pou Jijman ak pou Lòd Peman” ki gen siyati toulède moun yo.

15. Kisa pou mwen fè si akize a dakò li dwe lajan an, men li bezwen tan pou peye?

Li ta dwe kontakte pleyan an pou eseye jwenn yon akò pou yon kalandriye peman. Akize a pa gen obligasyon pou fè nenpòt peman nan yon revni ki egzonere (gade anba la a). Pleyan an ak akize a dwe vini nan tribinal la nan jou pwosè a, sof si yo soumèt yon fòm “Akò pou Jijman ak pou Lòd Peman” ba tribinal la anvan dat pwosè a ki gen siyati toulède moun yo. Tribinal la ap aksepte yon akò ant moun yo sèlman si yo soumèt akò a sou fòm ofisyèl “Akò pou Jijman ak pou Lòd Peman”. Si pleyan an ak akize a jwenn yon akò sèlman nan dat pwosè a, lè sa a yo ta dwe soumèt ba tribinal la yon fòm “Akò pou Jijman ak pou Lòd Peman” ki gen siyati toulède moun yo. Si moun yo pa kapab jwenn yon akò pou yon kalandriye peman, akize a dwe ranpli yon etadkont finansye, epitou li dwe eksplike majistra a rezon ki fè li mande tan pou peye.

16. Kisa pou mwen fè si akize a kwè li pa dwe anyen, oswa sèlman li dwe kèk nan lajan mwen reklame a?

Li dwe vini nan tribinal la nan dat pwosè a. Akize a ap kapab konteste kijan pleyan an te rive jwenn kantite lajan li reklame a.

17. Kisa pou mwen fè si akize a kwè moun ki pote plent lan dwe li lajan?

Akize a ta dwe fè konnen pleyan an dwe li lajan nan repons li, oswa li ta dwe di tribinal sa, epitou li ta dwe endike sa alekri. Tribinal la ka travay sou premye reklamasyon pleyan an ak reklamasyon akize a kont pleyan an (ki rele yon "kont-reklamasyon") kòm yon plent, epi pwosè a ta dwe fèt nan dat premye reklamasyon an te pwograme a. Si akize a fè yon kont-reklamasyon alekri, akize a dwe voye yon kopi ba pleyan an.

Akize a ka endike alekri nenpòt reklamasyon l ap fè kont pleyan an nan jiridiksyon tribinal ti konfli a. Yon kont-reklamasyon ka endike nan repons alekri a, si akize a fè youn, oswa nan yon kont-reklamasyon apa oswa lèt pou voye ba tribinal la. Majistra a ka bay pèmasyon tou pou yon kont-reklamasyon fèt aloral, epi apre pou prezante li alekri. Tribinal la ap travay sou toulède reklamasyon yo kòm yon plent, si akize a voye yon kopi reklamasyon li pa lapòs ba pleyan an omwen dis (10) jou anvan dat ki pwograme pou pwosè a, oswa si majistra a egziye pou tribinal la travay sou reklamasyon yo konsa. Kont-reklamasyon sa yo pa obligatwa. Pleyan an pa bezwen bay yon repons alekri pou kont-reklamasyon akize a.

18. Kilè ak ki kote moun ki fè plent lan ak akize a gen pou ale nan tribinal?

Sof si pleyan an ak akize a rezoud plent lan anvan dat pwosè a, toulède moun yo dwe ale vini nan tribinal la nan dat ki pwograme pou pwosè a fèt.

19. Èske medyasyon disponib pou ti reklamasyon?

Medyasyon disponib nan anpil tribinal nan dat pwochè a. Lè yo rele plent lan, si gen medyasyon ki disponib, y ap mande ou si ou ta renmen fè medyasyon sou reklamasyon ou.

20. Kisa pou mwen fè si mwen pa kapab vini nan tribinal nan jou pwochè a?

Ou ta dwe rele oswa voye yon lèt ba moun ki nan pati opoze a pou mande li pou dakò pou ranvwaye dat (“kontinye”) pwochè a. Ta dwe gen ajounman pou rezon ki valab, tankou maladi, yon ijans, oswa si yon temwen pa disponib. Si toulède moun yo dakò, oswa si pati opoze a pa dakò, oswa si ou pa kapab jwenn moun ki nan pati opoze a, ou dwe voye yon lèt ba grefye tribinal la pou mande pou tribinal la ba ou yon ajounman. Pa rete tann nan dènye minit lan. Si lòt moun nan fè yon demann ki rezonab pou yon ajounman, sa ka elimine pwoblèm pou ou si ou dakò avèk demann lan.

21. Kisa pou mwen fè si mwen pa vini nan tribinal nan jou pwochè a?

Si pleyan an pa vini pou pwochè a, epi si akize a vini, tribinal la ap pwononse yon jijman pou akize a. Si ni pleyan an ni akize a pa vini nan tribinal pou pwochè a, tribinal la ap anile reklamasyon an. Si akize a pa vini pou pwochè a, epi si pleyan an vini, tribinal la ap ka pwononse yon jijman-pa kontimas, epi pou egzije akize a pou peye kantite lajan pleyan an reklame a. Majistra a ka mande pleyan an pou bay kèk prèv pou reklamasyon an, menmsi akize a pa la.

22. Kijan mwen ta dwe prepare pou pwochè a?

Li ka bon pou ekri davans enfòmasyon ki sou plent lan nan lòd yo te pase a. Sa ap ede ou òganize panse ou yo pou fè yon prezantasyon istwa a aklè. Nan dat pwochè a, ou dwe vini avèk nenpòt temwen, chèk, bòdwo, papyè, foto, oswa lèt k ap ede ou pwouve plent ou. Si w ap bay dokiman kòm pyès-a-konviksyon nan pwochè a, pote kopi yo pou majistra a ak pou akize a. Si ou bezwen yon temwen pou vini nan tribinal la, men temwen an p ap vini, mande grefye a- biwo majistra a yon asiyasyon pou fè temwen an vini nan tribinal, epi ou dwe fè aranjman pou fè yon ofisye lapolis oswa yon cherif adjwen pote asiyasyon an ba temwen an. Ou ka bezwen yon temwen-kle pou pwouve nenpòt zafè ki pa nan eksperyans komen. Lwa ki detèmine ti reklamasyon yo se menm ak lwa pou gwo pwochè yo, men yo itilize pwosedi ki senp. Pleyan an dwe pwouve reklamasyon an se yon reklamasyon lalwa rekonèt, epi li dwe pwouve akize a responsab, oswa majistra a ap pran yon desizyon pou akize a.

23. Kisa k ap pase nan jou pwochè a?

Asire ou rive alè. Si yon medyatè pa rezoud plent ou, gen yon pwochè k ap fèt devan yon jij. Majistra a ap mande pleyan an pou rakonte istwa a dapre li, answit akize a ap rakonte istwa a dapre li. Chak moun ap jwenn yon posiblite pou poze lòt moun nan ak temwen lòt moun nan kesyon. Pou pleyan an genyen pwochè sa, lalwa egzije li pou pwouve reklamasyon li an valab.

24. Kisa pou mwen fè si moun yo vle yon ajounman?

Si toulède moun yo la lè tribinal la rele plent lan, y ap vanse avèk plent lan, sof si gen rezon ki valab pou ajounman pwochè a. Si ou pare pou vanse, epi lòt moun nan vle yon ajounman, asire ou fè majistra a konnen si ou pa dakò.

25. Kisa majistra a ap fè?

Majistra a ap pran yon desizyon. L ap bay oswa voye avi desizyon an (ki rele yon “jijman”) ba chak moun.

26. Mwen te pèdi pwosè mwen devan majistra a. Kisa pou mwen fè?

Si ou te rele lòt moun nan lajistis, epi ou te pèdi pwosè a, epi majistra a pa t akòde okenn lajan, desizyon an se yon desizyon ki final. Ou pa ka fè apèl kont desizyon majistra a pran kont ou.

Si lòt moun nan te rele ou nan lajistis, epi ou te pèdi, majistra a ap egzije pou peye lòt moun nan lajan, ou dwe fè youn nan kat (4) bagay sa yo:

A. Peye jijman an nèt nan limit tan majistra a egzije a

Ou dwe peye tout lajan jijman an si ou gen mwayen finansye pou fè sa. Ou pa gen obligasyon pou peye jijman an nan revni lalwa egzonere. Si ou pa peye kantite lajan an dapre lòd la, epi si ou kapab fè sa, yo ka konsidere ou manke tribinal la dega, epi yo ka mete ou prizon, oswa yo ka mete frè anplis pou peye. Peye tout lajan an dirèkteman ba lòt moun nan (“Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman” an) sof si majistra a pran yon lòt desizyon. Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman an dwe fè tribinal la konnen alekri lè li peye tout lajan an nan 10 jou ki vini apre jijman an. Ou ka vle asire sa fèt pou ka pwoteje dosye kredi ou. Si Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman an refize fè sa, ou ka mande tribinal la pou antre yon desizyon nan rejis plent lan. Si majistra a egzije pou retounen pwopriyete ba Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman an, ou dwe fè sa.

B. Mande majistra a pou fikse yon plan peman

Si majistra a pwograme yon odyans pou peman, nan odyans lan, ou ka mande majistra a pou egzije yon plan peman ou gen mwayen pou respekte, oswa pou detèmine ou pa kapab peye anyen kounye a. Si ou mande yon plan peman, oswa yon ti tan pou fè peman an, chèche jwenn yon fòm “Etadkont Finansye Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman” isit la oswa nan biwo grefyè a. Ranpli fòm nan, epi vini avèk li nan odyans lan, ansanm avèk dokiman ou genyen konsènan sitiyasyon finansye ou (fòm taks, souch salè ou, elatriye).

Sèten revni egzonere nan nenpòt lòd peman tribinal la bay. Si revni ou sòti nan nenpòt sous sa yo, ou ta dwe pote prèv ki endike sa nan odyans pou revizyon peman an.

Li posib pou yon moun ki gen revni ki egzonere ka resevwa salè tou nan travay ki ta ka depannde yon lòd pou peman.

Menmsi yon moun pa kapab peye nan moman an, yon jijman ka aplike pandan 20 ane si sitiyasyon finansye moun nan vin bon pandan tan sa a.

Si majistra a pa pwograme yon odyans pou peman, epi ou vle mande yon plan peman oswa yon reta nan peman an, oswa si tout revni ou sòti nan sous ki egzonere, mande biwo grefyè a pou pwograme demann ou pou odyans devan yon majistra — pa rete tann jouk lè ou gen obligasyon pou vini nan tribinal, oswa jouk lè ou responsab pou peye frè anplis.

Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman an ka pa jwenn yon Tit Egzekisyon pou sezi ak vann pwopriyete ou jouk apre premye odyans pou peman an (oswa si pa gen odyans pou peman ki pwograme, jouk 30 jou apre jijman an). Apre sa, Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman an ka fè sa, menmsi ou fè peman chak peryòd, sof si nou toulède dakò li p ap fè sa pandan w ap fè peman yo. Yo ka sezi anpil nan byen yon moun pou vann yo pou satisfè yon jijman, menmsi moun nan gen revni ki egzonere.

C. Apèl devan yon jij oswa devan yon jiri

Si ou te ale nan pwosè a devan majistra a, epi ou pa dakò avèk desizyon majistra a te pran sou reklamasyon lòt moun nan, ou ka fè apèl kont desizyon an nan yon lòt pwosè swa devan jij la oswa devan yon jiri. Pou fè sa, nan 10 jou ki vini apre ou resevwa avi ekri desizyon majistra a, ou dwe ranpli fòm “Apèl kont Reklamasyon Akize” nan biwo grefye a; tanpri remèt kat kopi nan tribinal la), pou fè konnen si ou vle yon pwosè devan yon jij oswa devan yon jiri, ansanm avèk frè \$25 pou apèl la (ki pa ranbousab), ak yon kosyon oswa depo \$100 pou apèl la (ki ranbousab si ou genyen apèl la, oswa y ap kredite lajan sa a kont sa ou dwe a, si ou pèdi apèl la). Kosyon oswa depo apèl la pi gran si ou se yon mèt kay yo rele nan lajistis pou remèt yon depo sekirite lokatè kay. Frè ak kosyon apèl la ka redui oswa anile si ou pa gen mwayen ditou pou peye li. Nan apèl la, jij la oswa jiri a ap pran yon lòt desizyon, men yo ka konsidere desizyon majistra a te pran anvan kont ou sou reklamasyon an.

Si ou pa vini nan pwosè a devan majistra a (sa rele yon non-konparisyon), ou pa ka fè apèl kont desizyon majistra a pran sou reklamasyon lòt moun nan.

D. Fè yon mosyon pou anile jijman an

Kit ou te vini kit ou pa t vini nan pwosè a devan majistra a, ou ka mande majistra a pou anile jijman an si ou gen yon rezon valab. Ou dwe fè yon demann konsa alekri nan yon ane sof si demann lan baze sou si ou pa t resevwa avi ti reklamasyon an. Pou fè yon demann konsa, mande biwo grefye a pou ede fè ak pwograme yon "Mosyon pou Anile Jijman." Fòm mosyon yo disponib la a mass.gov/courts ak nan biwo grefye a.

27. Mwen te genyen pwosè mwen devan majistra a. Kisa pou mwen fè?

Si lòt moun nan rele ou nan lajistis epi li genyen, lòt moun nan pa ka fè apèl kont desizyon majistra a sou reklamasyon kont ou a.

Si ou te rele yon lòt moun nan tribinal epi ou te genyen pwosè a, epi majistra te akòde ou lajan pou sa, ou kapab touche lajan an jouk lè apèl la fini, oswa jouk lè yo pran yon desizyon pou apèl la. Si pa gen apèl, oswa si ou genyen ankò nan apèl la, men kèk etap ou ka fè pou touche lajan ou:

A. Mande peman an

Mande lòt moun nan (“Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an”) pou peye ou lajan an oswa pou remèt ou pwopriete a, selon lòd majistra a.

B. Odyans pou peman

Si majistra a pwograme yon odyans pou peman, epi Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pa peye lajan an anvan odyans lan, majistra a ap egzamine mwayen Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pou peye lajan, epi li ka egzije pou moun nan fè peman imedyatman, oswa li ka egzije yon plan peman. Nan odyans lan, se ou ki gen responsablite pou pwouve Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an kapab peye san li pa itilize revni ki egzoniere dapre lalwa. Ou ka egzamine fòm “Etadkont Finansye Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an” li a, epi ou ka bay majistra a nenpòt enfòmasyon ki enpòtan pou mwayen Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an genyen pou peye. Si majistra a detèmine Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pa gen mwayen

finansye pou peye nenpòt lajan kounye a, ou ka mande majistra a pou pwograme afè a pou revize nan yon lòt dat. Sèten revni egzonere nan nenpòt lòd peman tribinal la bay. Nenpòt lòd tribinal la bay pou peman p ap gen ladan revni akize a ki sòti nan sous sa yo. Li posib pou yon moun ki gen revni ki egzonere ka resevwa salè tou nan travay ki ta ka depannde yon lòd pou peman.

Menmsi yon moun pa kapab peye nan moman an, yon jijman ka aplike pandan 20 ane si sityasyon finansye moun nan vin bon pandan tan sa a.

C. Avi pou montre rezon

Si majistra a pa pwograme yon odyans pou peman, epi si Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pa peye lajan an, mande biwo grefye a pou ba ou yon “Avi pou Montre Rezon,” pou manje Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pou vini nan tribinal la. Ou dwe la nan tribinal nan dat la. Ou dwe peye yon frè ba yon ajan lapolis minisipal oswa ba yon cherif adjwen konte a pou remèt fòm sa a ba Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an, men kantite lajan an ap ajoute sou sa Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an dwe a.

D. Capias (manda-darè sivil)

Si Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pa vini nan odyans pou peman dapre lòd li resevwa, oswa apre li fin resevwa yon “Avi pou Montre Rezon,” mande biwo grefye a pou ba ou yon “Capias” (yon manda-darè sivil) pou Moun ki Dwe Peye Lajan an dapre Jijman an. Ou dwe peye yon frè ba yon ajan lapolis oswa ba yon cherif adjwen pou arete Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pou mennen li nan tribinal la, y ap ajoute kantite lajan an sou sa Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an dwe ou. Bay ajan lapolis la oswa cherif adjwen an nimewo telefòn lajounen ou, epi mande li pou kontakte ou lè li mennen Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an nan tribinal la.

E. Tit Egzekisyon

Si ou kapab idantifye nenpòt pwopriyete enpòtan Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an (byen imobilye, veyikil-a-motè, elatriye) yo ta ka pran ak vann pou peye jijman ou, apre odyans pou peman an, mande biwo grefye a pou ba ou yon "Tit Egzekisyon." Si pa gen odyans pou peman ki pwograme, ou ka mande yon Tit Egzekisyon 30 jou apre dat jijman an. Ou dwe bay yon ajan lapolis oswa yon cherif adjwen Tit Egzekisyon an pou sezi ak vann pwopriyete Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pou peye jijman an. Yo ka sezi anpil nan byen yon moun pou vann yo pou satisfè yon jijman, menmsi moun nan gen revni ki egzonere.

OU DWE FÈ TRIBINAL LA KONNEN LÈ OU RESEVWA TOUT PAMAN AN

Ou dwe fè biwo grefye a konnen alekri ou touche tout kantite lajan jijman an nan 10 jou ki vini apre sa. Ou ka itilize fòm “Satisfaksyon Jijman” oswa fòm “Satisfaksyon Jijman sou Kont-Reklamasyon” tribinal la pou fè sa. Ou pa gen obligasyon pou itilize nenpòt fòm espesyal, men ou ta dwe ajoute nimewo rejis tribinal la nan notifikasyon ou.

28. Èske mwen dwe ale nan odyans pou peman ki pwograme a?

Si pleyan an (“Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman an”) fè biwo grefye a konnen akize a (“Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman”)

Si Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pa respekte lòd majistra a, lè sa a toulède moun yo dwe ale nan odyans pou peman ki pwograme a. Si Moun ki Dwe Lajan dapre Jijman an pa ale, san okenn avi, yon majistra ka bay yon manda-darè sivil (capias) pou arete li.

29. Èske nenpòt revni egzonere nan yon lòd pou peman?

Revni pou akize a nan pwogram asistans piblik ak pwogram avantaj yo egzonere dapre lalwa nan lòd tribinal ti konfli yo bay pou peman:

Avantaj pou Chomaj (G.L. c. 151A, § 36)

Avantaj Konpansasyon Travayè (G.L. c. 152, § 47)

Avantaj Sekirite Sosyal (42 U.S.C. § 401)

Avantaj Asirans Federal pou Granmoun Aje, Sivivan, ak Moun ki Andikape (42 U.S.C. § 407)

Revni Sekirite Anplis (SSI) pou Granmoun Aje, Moun ki Avèg ak Moun ki Andikape (42 U.S.C. § 1381[a])

Lòt Avantaj Asirans pou Andikap ki rive jiska \$400 pa semèn (G.L. c. 175, § 110A)

Èd Annijans pou Granmoun Aje ak Moun ki Andikape (kounye a G.L. c. 117A)

Avantaj pou Veteran (G.L. c. 115, § 5 oswa 38 U.S.C. § 5301[a] oswa 42 U.S.C. § 1001)

Avantaj Meday Lonè pou Veteran (38 U.S.C. § 1562)

Avantaj Èd Pwovizwa pou Fanmi ki gen Timoun Depandan (AFDC) (G.L. c. 118, § 10)

Avantaj Sibvansyon Jeneral nan Sèvis Sante pou Manman ak Pitit (42 U.S.C. § 701)

Lò avantaj asistans piblik (G.L. c. 235, § 34, kenz)

Answit, yon pòsyon salè oswa peman pansyon ki baze sou travay egzonere nan nenpòt lòd pou peman. Kantite lajan ki egzonere se \$400 oswa 85% salè ki disponib chak semèn, kèlkeswa sa ki pi gran an.

“Salè ki disponib chak semèn” se salè anvan dediksyon, salè oswa peman retrèt chak peryòd ki baze sou travay, mwens nenpòt dediksyon lalwa egzije (tankou prelèvman taks, sekirite sosyal [fica], ak kontribisyon ki obligatwa pou retrèt anplwaye leta). Moun ki dwe lajan an pa ka fè okenn dediksyon volontè, kotizasyon sendika oswa sezi-arè.

Egzonerasyon minimòm federal la egal a salè minimòm federal ki anvigè nan moman an (\$7.25 depi 24 jiyè 2009) miltipliye pa 30, oswa \$218 (15 U.S.C. §§ 1671-1677). Lalwa Massachusetts egzonere premye \$125 nan “salè ki dwe answit . . . pou travay ki fèt oswa pou sèvis ki bay” (G.L. c. 224, § 16 & c. 246, § 28), men kantite lajan sa a nòmalmman pi piti pase egzonerasyon federal la.

30. Si mwen genyen pwosè mwen, èske mwen dwe fè tribinal la konnen lè mwen touche lajan an?

Wi. Ou gen obligasyon pou fè tribinal la konnen alekri nan 10 jou ki vini apre ou fin touche tout kantite lajan jijman tribinal la. Ou pa bezwen itilize okenn fòm espesyal, men mete nimewo rejis

tribinal la nan avi ou. Ou ka itilize fòm Satisfaksyon Jijman oswa fòm Satisfaksyon Jijman sou Kont-Reklamasyon tribinal la pou fè tribinal la konnen sa.